

Anba la a se yon kopi senp aplikasyon 2yèm tou an ki pral parèt nan pòtal prensipal ou a. Tanpri pa soumèt sa a kòm aplikasyon ou. Tanpri itilize enfòmasyon ki anba a sèlman kòm yon aperçu pou aplikasyon an ki pral disponib atravè pòtal prensipal la 1ye oktòb 2025.

## Aplike pou Sibvansyon Kapital Gadri/Swen Familyal

Èske w òganize pwogram ou an nan yon kay ke oumenm ak/oswa mari w/madanm ou se pwopriyetè a oswa responsab pou peye ipotèk ka?

Wi

Non

Tanpri atache/telechaje papye prèv ki pwouve ou se pwopriyetè kay la. Ou ka bay yon kopi akte pwopriyete w la, kat pwopriyete minisipal ou a, oswa deklarasyon ipotèk ou kòm prèv. Ou dwe telechaje youn nan dokiman ki mansyone pa anlè yo. Nou p ap aksepte okenn lòt dokiman epi sa ap fè w pa kalifye pou sibvansyon an. Tanpri asire w ke tout dokiman ou atache/telechaje yo klè epi lizib.

Atache/telechaje Dokiman yo oswa Plake Fichye a

Mwen sètifye ke swa mwen menm oswa mari/madanm mwen se pwopriyetè kay la. Mari/madanm mwen okouran de pwojè(yo) ki pwopoze nan aplikasyon sibvansyon sa a, epi mwen konnen ke yo ka mande mari/madanm mwen pou ko-siyen Akò Sibvansyon an si aplikasyon mwen an reyisi. Founisè yo dwe bay prèv pwopriyetè kay la sou fòm yon kat pwopriyete minisipal, yon akt ki notarye, oswa yon deklarasyon ipotèk.

Non Fichye a

Moun Ki Atache/telechaje Li a

Dat ou Atache Li a

## Enstriksyon

Pwogram Sibvansyon Kapital pou Gadri/Swen Familyal la (Sibvansyon Kapital FCC) bay sibvansyon pou founisè Gadri Familyal ki gen lisans nan Massachusetts. Atravè pwogram sibvansyon sa a, founisè Swen/Gadri Familyal yo ka aplike pou jiska \$25,000 pou sipòte amelyorasyon espas ak bati kapasite pwogram nan. Dat limit pou soumèt dokiman yo se 11:59 p.m. nan Vandredi 31 Oktòb 2025 la.

Tanpri, revize règleman sibvansyon an avan w ranpli aplikasyon an.

Sa a se dezyèm e dènye faz pilòt la pou Sibvansyon Kapital FCC a. Tanpri sonje ke sa a se yon pwogram sibvansyon konpetitif. Finansman pou pwogram pilòt la limite epi pa gen okenn garanti ke chak aplikan ap resevwa yon prim.

Aplikasyon w lan ap anrejistre otomatikman pandan w ap reponn a kesyon yo. Ou ka retounen pou ranpli aplikasyon an nenpòt ki lè anvan dat delè a rive.

## Enfòmasyon Pwogram nan

\* pati sa a obligatwa

Tanpri asire w ke enfòmasyon kontak sa yo ki pa anba a kòrèk.

Non

Siyati

Non Biznis la

Non Founisè a (Nimewo-P)

Telefòn

Imèl

\* Nan ki lang ou ta renmen nou ekri w / kominike avè w apwopo de sibvansyon w lan?

Anglè

Espanyòl

Pòtigè

Chinwa Senp

Kreyòl Ayisyen

Adrès Pwogram nan

Rejyon Lisans la

Tanpri kontakte moun biwo/moun ki ba w lisans la pou w ka konnen nan ki Rejyon lisans ou a ye pou w ajoute l nan pati Rejyon Lisans la

Dat yo Premye Fè Lisans la

Endis Kategori Opòtinite Pou Timoun

Orè Ane a Konplè

JOU AK LÈ NOU OUVRI

JOU

LÈ NOU KÒMANSE

LÈ NOU FINI

Lendi

Madi

Mèkredi

Jedi

Vandredi

Kapasite Lisans la

\* Konbyen timoun nan moman an la ki enskri nan pwogram ou an? (tanpri sonje ke manm fanmi w ap bay swen gadri yo pa dwe konte)?

Kantite a pa ka plis pase 30.

\* An mwayèn, konbyen semèn nan ane a ou bay sèvis gadri/swen (nan total 52 sèmen ki genyen an)?

Kantite a pa ka plis pase 52.

\* An mwayèn, konbyen èdtan pa semèn pwogram ou an ouvri ?

Kantite a pa ka plis pase 168.

\*Èske w bay sèvis swen/gadri pandan youn nan lè sa yo (tanpri seleksyone tout sa ki aplikab yo)

Ou dwe seleksyone omwen yon opsyon/chwazi youn nan lis sa a.

Bonè nan maten anvan 8am

Aprè midi aprè 6pm

Wikenn ( Fen Semèn)

Pa gen okenn repons anlè a ki aplikab

\*Èske pwogram ou an aksepte vouchers (kat sibvansyon) pou gadri oswa kontra plas pou gadri pou timoun?

\*Èske w fè pati de yon sistèm gadri familyal?

Ki sistèm gadri familyal ou fè pati de li a?

\*Ki CCR&R ke ou gen akò voucher (kat sibvansyon) ansanm avè l?

\*Èske pwogram ou an sèvi moun ki gen yon bezwen espesyal / dezabilite / andikap?

Tanpri fè yon brèf deskripsiyon de ki aranjman pwogram ou an ofri pou timoun ki gen bezwen espesyal/dezabilite yo. (Limit max: 1,300 karaktè)

\*Fè yon brèf deskripsiyon de pwogram ou ye kounye an, sa ki enkli nenpòt aspè espesyal nan kourikoulòm ou an, orè ou ouvè oswa demografik ou itilize yo. (Limit max: 1,300 karaktè)

## Detay Pwojè a

\* pati sa a obligatwa

\* Pou ki tip de pwojè w ap aplike a?

Lè nou pale de mo "Dirab," nou defini sa kòm ekipman ki gen yon dire de vi ki itil pandan twa zan oswa plis, epi ki "fiks epi entegre" nan espas fizik li. Itilizasyon sibvansyon ki kalifye nan Nivo 1 yo enkli, men yo pa limite a, enstalasyon ak acha: ekipman lesiv, depo manje, ekipman sekirite ( se pa pou sipèvize timoun).

Founisè yo ka aplike pou finansman pou amelyore espas kote yo gen gadri a / bay sèvis swen an. Itilizasyon sibvansyon ki kalifye nan Nivo 2 yo enkli, men yo pa limite a: amelyorasyon espas eksteryè pou pèmèt itilizasyon espas ki pa deyò yo, tankou repare asfalt yo, enstale kloti, ajoute teras/patio ( pasyo se yon ti kay pou timoun jwe nan rekreyasyon); amelyorasyon sistèm chofaj, klimatizasyon ak vantilasyon, tankou fenèt ak ekipman HVAC, patikilyèman sa yo ki amelyore efikasite enèji.

Pwojè Nivo 1: Achte ekipman ki dirab

Pwojè Nivo 2: Amelyorasyon Kapital

Tou de (2) , Pwojè Nivo 1 ak Nivo 2

Nivo Pwojè Sibvansyon Kapital FCC Faz 1

\*Tanpri dekri pwojè(yo) w ap aplike pou finansman an, epi enkli kijan travay sa a pral benefisyé pwogram ou an. Si sa aplikab, tanpri dekri kijan pwojè w la pral gide nou nan yon efikasite enèji ki pi bon. (Limit max: 1,300 karaktè).

\*Ki objektif pwojè ou pwopoze a ap ede ou akonpli? Tanpri tcheke tout sa ki aplikab yo.

Amelyore kalite sèvis swen/gadri mwen ka ofri a

Ogmante enskripsyon anba kapasite lisans mwen genyen nan moman an la

Ogmante kapasite lisans mwen an

\*Ki montan sibvansyon total ou ta renmen mande ?

Demann ou an pa dwe depase \$25000

Tanpri byen detaye pou nou bidjè pwojè Nivo 1 ou an.  
(Limit max: 1,300 karaktè)

Tanpri bay dokiman ki pou sipòte bidjè pwojè Nivo 1 ou an. Sa ka yon fakti nan men yon vandè ki gen lisans ak/oswa yon eskrinshòt yon sit entènèt e-komès (komès anliy) ki montre pri atik(yo) w ap gen pou w achte ak sibvansyon sa a

Tanpri byen detaye pou nou bidjè pwojè Nivo 2 ou an.

Materyèl ak Founiti yo (e.g., bwa, penti, enstalasyon):

Pèmi ak Frè yo (e.g., konstriksyon pèmi yo, frè enspeksyon yo):

Sèvis Pwofesyonèl yo (e.g., achitèk yo, enjenyè yo, konsiltan yo):

Ekipman oswa Zouti (si w ap achte yo oswa lwe yo):

Lòt Pri Pwojè a ap Koute

Yon Estimasyon de Pri Total Pwojè a Koute:

Depans ou soumèt yo pi plis pase montan sibvansyon total ou mande a. Kijan w planifye pou w peye rès depans la? (Limit max: 1,300 karaktè)

\*Èske bidjè pwojè w la enkli kòb pou sipòte jesyon operasyon yo pandan konstriksyon an?

## Enfòmasyon sou Lisans Kontraktè a

Ou ka verifye si kontraktè w la gen lisans si w fè rechèch la sou Sit Verifikasyon Lisans sa yo. Mande kontraktè w la nimewo lisans li oswa non ofisyèl konpayi an pou fè pwosesis sa a pi fasil.

Accela Citizen Access -> (Aksè Sitwayen Accela)

Office of Consumer Affairs & Business Regulation -> (Biwo Afè Konsomatè ak Règleman Biznis)

Home Improvement Contractor Registration Lookup -> ( Rechèch Anrejistrasyon Kontraktè Pou Amelyorasyon Kay)

\* Tip Lisans Kontraktè a

\* Nimewo Lisans Kontraktè a

CSL San Restriksyon

CSL Restriksyon

CSL Espesyalize

Ajoute Lisans Kontraktè a

\* Tanpri ajoute/atache yon fakti valab ki soti nan men yon kontraktè ki gen lisans pou pwojè Nivo 2 ou a. Yon fakti valab ta dwe enkli bagay sa yo: non ak adrès vandè a, dat yo te bay fakti a, nimewo fakti a, enfòmasyon sou kliyan an, montan ki detaye depans espesifik yo, pri total pwojè a, kondisyon pèman yo, kontraktè ki gen lisans lan.

\* Atache/Ajoute yon foto espas nan kay la kote pwojè a pral dewoule a. (Tanpri sonje, n ap mande plis foto nan menm espas sa a lè pwojè a konplè.)

Non Fichye a

Moun ki Atache Li a

Dat Nou Atache Li a

## Aksyon

Tanpri bay yon delè pou pwojè ou pwopoze a (yo), ou dwe enkli dat ou prevwa fini yo. Pwojè yo pa ka depase 9 mwa.

\*Dat Ou Kòmanse

\*Dat Ou Fini

Konplete pati sa a ak fòma 31 Dec, 2024 la.

Dat w ap kòmanse pa ka yon dat ki pase deja. Tanpri seleksyone yon dat jodia oswa yon dat alavni

Dat w ap fini an pa ka plis pase 9 mwa aprè dat ou te kòmanse a.

## Revizyon ak Rezime

Mwen deklare ke enfòmasyon ki anwo yo se verite epi yo kòrèk daprè bon jan konesans ak kwayans mwen.

Mwen konprann ke si aplikasyon mwen an reyisi, m ap sèlman itilize kòb sibvansyon an pou kategori pwojè ak objektif espesifik ki endike nan aplikasyon sa a.

Mwen konprann ke resevwa yon sibvansyon ka gen enplikasyon fiskal pou mwen epi li rekòmande pou mwen konsilte pwofesyonèl taks mwen an sou sijè sa a anvan mwen soumèt aplikasyon mwen an.

Mwen konprann si yo jwenn prèv mwen bay yon fo deklarasyon oswa fè fwod, EEC gen dwa kenbe oswa sispann pèman an epi rekipere lajan yo, tankou nan sibvansyon Commonwealth Cares for Children / Gadri pou Timoun nan Commonwealth (C3) yo.

Mwen konprann ke si m resevwa kòb sibvansyon, m ap responsab pou m kenbe dosye ak lòt dokiman kòm prèv pou sipòte itilizasyon kòb yo te debouse ban mwen an, epi tou pou m dokimante konfòmite m avèk egzijans ki nan Règleman yo.

Mwen konprann ke si mwen resevwa yon prim, m ap avize fanmi yo ak moun ki bay lisans EEC a alekri sou kijan mwen prevwa jere operasyon yo epi swiv direktiv lisans EEC yo pandan konstriksyon an. M ap voye tou yon notifikasyon alekri bay patnè yo, tankou, men sa pa limite a, ajans Resous ak Referans pou Gadri/Swen Timoun ak Sistèm Swen/Gadri Familyal la.

Mwen konprann mwen pa ka fè okenn chanjman nan aplikasyon mwen an aprè mwen fin soumèt li.

Tanpri klike sou bouton 'Submit' la ki vle di 'Soumèt' ki anba a pou soumèt aplikasyon w lan. Nou espere anonse prim yo nan sezon prentan 2026 la. Mèsi paske w te aplike pou Sibvansyon Kapital la pou Swen/Gadri Familyal la.

## Aplikasyon an Te Soumèt / Ale An Siksè

Aplikasyon ou an pou Sibvansyon Kapital FCC a te soumèt avèk siksè. Yo te voye yon kopi aplikasyon ou an sou imèl ou te bay la. Mèsi paske ou te aplike pou Sibvansyon Kapital FCC a.